

LIBERTE

EGALITE)
ou l' al pran pel pou yo
dan yo vole Gledis, epi
REPUBLIQUE D'HAITI

FRATERNITE

AU NOM DE LA REPUBLIQUE

L'an mil neuf cent quatre vingt dix neuf, an 196e de l'Indépendance, le mercredi sept avril à douze heures trente de l'après-midi. Nous, Me Jean Sénat FLEURY, Juge d'Instruction près le Tribunal de Première Instance des Gonaïves, identifié au no. 111-93-367, assisté du sieur Raoul JACQUES, greffier.

Vu la requête du quatre mars mil neuf cent quatre vingt dix neuf du Cabinet d'Instruction.
Vu les articles 114 et 122 du CIC.

Vu le réquisitoire en supplément d'information générale du parquet en date du vingt quatre mars mil neuf cent quatre vingt dix neuf.

Avons procédé à l'interrogatoire de la dame Marie Jeanne Jean victime et plaignant des événements survenus à Raboteau le vendredi vingt deux avril mil neuf cent quatre vingt quatorze en présence de son avocat Me Mario Joseph.

Kijan yo rele ou ?

Yo rele-m' Mari Ja-n Jan.

Mari Ja-n, ki laj ou ?

28 tan.

Kibó ou abite ?

E... Raboto.

Ki aktivite ke ou fè ?

M' pa fè anyen menm non.

Dakó. Mari Ja-n eske ou te viktim nan evenman k' te pase Raboto 22 avril 94 ?

Wi. E... yon papa pitit mwen te genyen k' te rele Michel Pyè yo te tire, men vye non l' se Jamédodo.

An se ou menm ki...

Wi.

Sa k' te tire l' ?

M' pa konn kiyès ki te tire l', se nan lanmè a l' te mouri.

An, nan lanmè a l' te mouri ?

Wi.

Eske ou kapab rakonte nou fè yo ? Kijan ou te fè wè l' mouri ?

Kijan m' te fè wè l' mouri ?

Mmm.

Se pandan nou pa janm wè l', lè nou pa janm wè l', kounye a n' ap mete ankèt pou nou konnen si te tire yo tire l' oswa site gen yon kote se Batól moun yo konn... t' al kache. Nou konnen la. Lè nou voye mande enseyman Batól, yo di l' pa Batól. Apre sou 3 jou nou jwenn li.

Kibó nou jwenn li, nan lanmè a osinon atè ?

Non, nan lanmè a, lam lanmè a ki pouse l' epi li voye l' atè epi Frap yo menm nan, epi lè yo di men yo jwenn yon moun epi Frap yo menm nan kouri. Sa k' fè m'

konnen sè li menm yo te jwenn, se yon mesye yo rele Felenon yon Frap li te ye, li tap pral kouri bó zòn deyè a pou l' al pran pèl pou yo ka grate tè pou yo ka mete l'. Lèfini, m' te byen ak yon dam yo rele Gladis, epi li rele Felenon vini m' pale w, Felenon vin jwenn li epi li di « kiyès yo jwenn la a ? » Men paske m' te nouris li wè m' chita la, l' pa vle di ki moun li jwenn, apre li di se Jamédodo yo jwenn. Aprè dam nan di m' sa.

Nan ki eta yo te jwenn li ?

Nan ki eta yo te jwenn li ? Yo te jwenn li avèk yon bout pantalon avèk yon mayo.

Eske se avèk rad sa yo l' te ye vre ?

Wi.

Eske li te gen tou bal sou li ?

Tou bal sou li ? M' pat ka parèt.

Ou pat ka parèt. Men eske ou te vin jwenn kó a apre sa ?

Wi, aprè. Aprè nou te vin jwenn kó a. Aprè chen te rale l' mete deyò. Manman m' pot ko mouri. Manman m' avèk mwen menm avèk yon seu m' nou t'al mete tè sou li. Nou t'al met tè sou li. Eske ou idantifye menm se mari ou la ?

Wi, li menm. Li te gen yon mayo flamenco kalekó avèk yon bout pantalon ki gen yon pakèt ti ba ladan l'. Nou te prevwa pantalon an sou li.

Eske ot ke mari ou la, te gen lòt moun mouri ankó ?

Non.

Sa ou mande poutèt sa ?

Sa yo vle pou mwen.

M ?

Sa yo vle pou mwen.

Ou pa gen pyès domaj enterè wap mande, kób wap mande ?

Wi.

M ?

Wi.

Kób sa a kiyès wap mande li ?

Kiyès wap mande li ?

Mm.

Moun ki fè aksyon an.

Moun ki fè aksyon an, kiyès yo ye ?

Pati Jan Tatoun, Kastrá, lòt yo. Se yo menm ki te sou lanmè a.

Men poukisa menm menm y' al atake moun yo sou lanmè a ?

Paske yo konnen chak bagay ki genyen, se... moun yo pran kannót yo ale nan lanmè a.

Eske anvan sa yo te konn atake mari ou la, mari ou la te gen pwoblèm avèk yo ?

Non.

Li pa janm gen pwoblèm ak moun sa yo.

Lè sa a mari ou la menm, se peche l' t' al peche ?

Non, anndan kay li te ye wi.

Eske l' te ak ou nan kay la ?

Non, se kay yon sè l' m' te ye.

Kay yon sè l' ou' te ye ?

Kay yon sè l' nou toulede a te ye.

Lè l' ta pral sou lanmè a, eske l' te di ou se sou lanmè l' prale ?

Non.

Li pat di ou se sou lanmè l' prale ?

Non.

Nou gen pitit ansanm ?

Wi, nou gen 2 ti moun.


Nou gen 2 ti moun ?

Wi.

Plus rien ne lui a été demandé. Requis de signer.


Me Jean Sénat FLEURY

Juge d'Instruction



Me Marie JOSEPH

Avocat



Raoul JACQUES

Greffier



Marie Jeanne JEAN

Plaignant

